



# Endepandans

*Atizay Ayiti*

Rebecca Hinson

# Endepandans

## *Atizay Ayiti*

Rebecca Hinson

Tradiksyon: Jacques Pierre



Dedye pou Rebecca, Shawn, Roody U. & Henry Sanon

Dwa sou Liv la © 2016 by Rebecca Ann Hinson

Tout dwa pou otè a.

Nimewo Kontwòl Libreri Kongrè a sou Liv la: 2015915708

Editè tèks orijinal la: Richard Lederer & John Robuck

Pou tradiksyon an: Jacques Pierre, Ko-direktè (Haiti Lab, Duke University)

Istoryen Konsilte: Laurent Dubois & Philippe Girard

Rebecca Hinson Publishing

Lake Worth, Florida

Enprime nan Etazini

ISBN 978-1-942765-48-6

**ATIS** Po, 22, Ulrick Jean-Pierre (Jean-Pierre se yon atis k ap viv nan New Orleans, Louisiana.) Koleksyon Dr. & Mrs. Michel Joseph Lemaire; 4, Ulrick Jean-Pierre; 6, François-Auguste Biard; 10, Jean Baptiste Debret; 11, Ulrick Jean-Pierre, Koleksyon George & Leah McKenna Museum of African American Art; 12, Ulrick Jean-Pierre, Koleksyon Drs. Edna & Farère Dyer; 13, Ulrick Jean-Pierre, Koleksyon Picard & Sharon Losier Esquire; 14, Ulrick Jean-Pierre; 15, Ulrick Jean-Pierre, Koleksyon Dr. & Mrs. Daniel J. Mompoin; 16, Digital Library of the Caribbean; 19, Ulrick Jean-Pierre; 20, Jacques-Louis David; 21, François-Joseph Kinson; 22, Ulrick Jean-Pierre, Koleksyon Dr. & Mrs. Michel Joseph Lemaire; 23, Ulrick Jean-Pierre, Koleksyon Dr. & Mrs. Ludner Con dent.

**SOUS:** Cécile Accilien, Jessica Adams, Elmide Méléance, *Revolutionary Freedoms*; Laurent Dubois, *Avengers of the New World*; Philippe Girard, *Haiti*.



Zile Ayiti (yon tè mòn byen wo) nan tan lontan te gen anviwon yon milyon senk san mil Endyen Tayino. Zansèt Endyen Tayino yo soti nan zòn Amerik sid. Endyen yo t ap viv nan yon ekip kay pay ki bò kote yon mache. Bò la, Endyen yo te fè jadinaj, lapèch, epi lachas tou. Senk lidè tribi yo t ap dirije senk wayòm.



Nan lane 1492, Kristòf Kolon deklare zile a se pwopriyete peyi Lespay. Apre sa, Kolon rele zile a Ispanyola. Tayino yo te byen resevwa Ewopeyen yo. Tayino yo te pote pen, pwason, jako, lò ak koton pou Ewopeyen yo. Kristòf te remake Endyen Tayino yo te dosil. Kon sa, li panse li ka fè yo vin esklav byen fasil.




Espanyòl yo tanmen dechèpiye vilaj Endyen yo. Espanyòl yo mete Tayino ki t ap fè rezistans anba kòd, epi touye yo. Ewopeyen yo te kwè se dwa Bondye ba yo pou yo posede tè Endyen yo, epi fè yo vin esklav.



Bò lane 1503, pifò Endyen natif natal yo te mouri swa anba travay pete fyèl yo te fòse yo fè nan min lò yo, swa akòz maladi blan espanyòl yo ba yo. Kèk Tayino eseye chape poul yo nan mòn kote yo fè sèman sa a: swa yo viv lib, swa yo mouri.



Espanyòl yo ranmase Afriken, epi jouke yo anba kòd pou vin travay nan plas Endyen yo. Blan yo trete Afriken yo tankou bèt, fòse yo travay san kanpe. Esklav yo revòlte nan lane 1522, men kolon yo kraze mouvman sa a.



Vè koumansman lane 1600 yo, kolon franse ak angle tanmen okipe pati wès Zile a. Vè lane 1697, Lespay bandonnen pati wès Zile a bay Lafrans. Franse yo rele pati wès la Sen Domeng. Kolon Franse yo koumanse fè plantasyon sik, tabak, digo, kafe ak koton.



Vè lane 1789, Sen Domeng te gen si mil plantasyon. Se te koloni ki te rapòte Lafrans plis lajan. Sen Domeng te pwodui plis sik ak kafe pase tout lòt koloni nan Amerik la. Men, yo te bezwen plis travayè pou gildiv yo. Kifè, yo bwote pou pi piti yon milyon afriken pou vin fè yo travay nan Sen Domeng.

LE CODE NOIR  
OU  
EDIT DU ROY,

SERVANT DE REGLEMENT

POUR le Gouvernement & l'Administration de Justice & la  
Police des Isles Françaises de l'Amérique, & pour la  
Discipline & le Commerce des Nègres & Mulâtres  
dans ledit Pays.

*Donné à Versailles au mois de Mars 1685.*

A V E C,

L'EDIT du mois d'Avril 1685, portant établissement d'un  
Conseil Supérieur de six quatrevingt Rois dans  
la Colonie de l'Isle de S. Domingue.




A P A R I S


Chez le Veuve SARCEAN, à l'entrée du Quay de Grenes,  
vis-à-vis du Pont au Change, vis-à-vis Paradis.

M. DCCXVIII

Kòd Nwa se te yon dekrè wa Lafrans lan (Lwi XIV) nan epòk sa a te pran. Dekrè a mande pou kolon yo mete esklav yo rete menm kote ak madanm/mari yo, ba yo manje, ba yo rad, pa touye yo, pa matirize yo. Tout esklav yo dwe batize nan relijyon katolik, epi ba yo pote non kretyen.



Men an reyalite, pwopriyetè esklav yo pa respekte Kòd Nwa a. Kèk fwa yo matirize esklav yo, epi masakre yo tou. Pifò esklav yo te mal manje, epi yo te fòse yo travay anviwon 18 a 20 è chak jou. Plis plantasyon yo ap rapòte richès, plis move kondisyon travay lakoz esklav yo ap mouri. Anviwon yon tyè jiska mwatye esklav yo te enpòte nan koloni an peri nan kèk ane.



Vè lane 1751 jiska 1758, yon esklav ki rele Makandal, yon nèg mawon ki te pèdi yon men li nan yon moulen sik, òganize yon konplotay. Prèt vodou a konplote ansanm ak lòt esklav yo pou anpwazonnen mèt yo. Yo te poze lapat sou Makandal, epi yo boule li tou vivan. Men, Makandal te enspire esklav yo pou yo kwè nan pwòp libète yo.



Lidè esklav yo reyini nan 14 out 1791 nan Bwa Kayiman ansanm ak yon prèt vodou ki rele Diti Boukman, epi yon manbo ki rele Sesil Fatiman. Yo sèmante sou san yo pou yo revòlte, epi brize chenn lesklavaj la. Boukman di yo Ogou ki dye lagè “va dirije men yo, epi kanpe bò kote yo pou pwoteje yo. Koute vwa libète a k ap monte nan fon kè nou.”